*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 122 (25851)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 11 июл — сусæны мæйы 11 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆХСÆНАД
*Иузæрдиондзинады бæрæгбон*

3 ЦАРДЫ НЫВТÆ
*Аххосаг сбæрæг, фæлæ...*

4 АИВАД
*Фестивал "Аланикæ"*

**Гæрзифтонг тыхтæ**

## Уæрæсейы хъахъхъæнынады министры фыццаг хæдивæджы балц — Дзæуджыхъæумæ

**Ивгъуыд къуырийы кæрон Цæгат Ирыстоны инспекцион балцы уыд УФ-йы Хъахъхъæнынады министрады бæрнон кусджыты къорд, федералон министры фыццаг хæдивæг ЦÆЛЫККАТЫ Русланы разамындæй. Цæлыккаты Русланæн фембæлд уыд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОИМÆ.**

Фæстæдæр федералон министры хæдивæг æмæ Цæгат Ирыстоны разамонæг бабæрæг кодтой, УФ-йы Хъахъхъæнынады министрадæн Дзæуджыхъæуы цы ахсджиаг объекттæ арæзт цæуы, уыдон. Зæгъæм, подрядон организацийы минæвæрттæ Дзæуджыхъæуы ныртæккæ кусынц ног æфсæддон госпитæлы арæзтадыл. Инспекцион къорды уæнгтæ аргъ скодтой арæзтадон куыстыты фæткæн, байхъуыстой подрядчикты дзуаппытæм.



Уымæй уæлдай, Хъахъхъæнынады министрады бæрнон кусджытæ се 'ргом аздæхтой, Гæрзифтонг тыхты дзæуджыхъæуккаг поликлиникæйы æфсæддон службæгæнджытæн медицинон лæггæдтæ кæныны фæтк цас æнаипп у, уый дæр. Поликлиникæйы куыстимæ Цæлыккаты Руслан æмæ къорды иннæ уæнгты базонгæ кодта медицинон кусæндоны разамынд.

Цæлыккаты Руслан æмæ Сергей Меняйлойæн сæрмагонд фембæлд уыд, æфсæддон операцийы архайгæйæ, цæфтæ чи баййæфта æмæ ныртæккæ госпитæлы чи хуыссы, уыцы службæгæнджытимæ.

УФ-йы Хъахъхъæнынады министрады бæрнон кусджытæ æфсæддонтæн бузныг загътой, сæ службæйы хæстæ æххæст кæнгæйæ, хъæбатырдзинад æмæ удуæлдайдзинад кæй æвдисынц, уый тыххæй. Æфсæддонты къордæн саккаг кодтой паддзахадон æмæ ведомствæйон хæрзиуджытæ дæр.

Инспекцион къорды уæнгтæ се 'ргом аздæхтой, адæмы æфсæддон службæмæ бадзырды бындурыл æрвитыны дзæуджыхъæуккаг пункт куыд кусы, уымæ дæр.

Фембæлдтыты архайдтой УФ-йы Хъахъхъæнынады министрады Сæйраг æфсæддон-медицинон управленийы хицау **Дмитрий Тришкин** æмæ иннæтæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Паддзахадон программæтæ**

## Ахуырады райрæзтæн

**Паддзахадон корпораци "ВЭБ.РФ"-йы фæрæзты æххуысæй Дзæуджыхъæуы Владивостокаг уынджы арæзт æрцæудзæн 1100-бынатон астæуккаг скъола. Уый тыххæй фехъусын кодта корпорацийы пресс-службæ.**

Пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, корпорацийы дæлбар кусы æнæххæстбæрнондзинады æхсæнад **"ПроШколу"**. Уыцы структурæйы сæйраргдæр нысан у уæрæсейаг регионтæн æххуыс кæнын ахуырады кусæндæтты арæзтады. Ныртæккæ компани бæстæйы регионтимæ цы бадзырдтæ бафыста, уыдоны бындурыл арæзт æрцæудзысты 89 ныккон астæуккаг скъолайы. Уыдоны уыдзæн 60 минæй фылдæр ахуырадон бынаты.

Зæгъæм, дзæуджыхъæуккаг ног скъолайы арæзтадæн корпораци радих кæндзæн 416 милуан сомы бæрц. Уыцы фæрæзтæм се 'ххуысхай бахæсдзысты федералон æмæ муниципалон бюджеттæ дæр. Афтæ, иумæйаг хъарутæ æмæ фæрæзтæй арæзт цæудзысты æппæт скъолатæ дæр. Ног дзæуджыхъæуккаг скъола хъуамæ байгом уа 2024 азы.

**Нæ уацхæссæг**

**Нæ удварны бæрæгбæттæ**

## Хетæджы Уастырджийы кувæндонæй...

**Æрхæццæ та ирон адæмы сæйрагдæр удварнон бæрæгбæттæй иу — Хетæджы Уастырджийы бон. Куыд иннæ хæттыты, афтæ та ныр дæр ивгъуыд хуыцаубоны бирæ кувæг адæм сæмбæлд Хетæджы кувæндонмæ.**



Суанг райсомæй райдыдтой адæм кувæндонмæ æмбырд кæнын. Хъæутæ æмæ горæтты минæвæрттæ, хицæн мыггæгты æвзæрст лæгтæ æмæ бирæ бинонты уæнгтæ сæхицæн хæсыл баныма͏дтой сæ кувинæгтимæ дзуары бынмæ ныццæуын, сæхи Хетæджы Уастырджийыл бафæдзæхсын...

С и х о р а ф о н м æ кувæндон адæмæй æмызмæлд кодта. Иутæ сæ цыдысты иумæйаг кувæн бынатмæ, иннæтæ та — сæ хъæуты сæрмагонд кувæндæттæм. Æмæ та-иу къохыл айхъуыст рæсугъд куывд, дзыллон "оммен, Хуыцау!"... Куывды фæстæ алчидæр йæ сыгъдæг мысайнаг æвæрдта сæрмагонд бынæтты.




Уæдмæ бынатмæ æрбацыдысты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æмæ республикæйы хицауады иннæ минæвæрттæ. Бæрæгбонмæ саккаг кодта Хуссар Ирыстоны делегаци дæр, республикæйы Президент **Гаглойты Аланы** разамындæй.

Хуыцау æмæ иннæ зæдты номыл кадджын хистæр куы ракуывта, уæд ныхасы бар радтой Сергей Меняйлойæн.

— Абон Ирыстонæн у райдзаст бæрæгбон. Хетæджы Уастырджийы фарн радон хатт æрбангом кодта ирон адæмы æппæт минæвæртты дæр. Хетæджы кувæндонмæ æрбамбырд сты, æндæр уæрæсейаг регионтæ æмæ фæсарæнты чи цæры, нæ уыцы æмтуг адæмы минæвæрттæ дæр. Уæлдай æхсызгон уый у, æмæ Цæгат æмæ Хуссар Иры цæрæг иннæ адæмыхæттыты минæвæрттæ дæр бæрæгбонмæ се 'ргом кæй раздахынц, уый. Хетæджы Уастырджийы дзуары аудынад æнкъаргæйæ, нæ уарзон Ирыстоны æппæт цæрджытæн дæр мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад æмæ фæрныгад, уæ алкæй хæдзар дæр бæркаджын уæд, — йæ арфæйы ныхасы загъта республикæйы разамонæг.

Кувинæгтæй саходгæйæ, адæм зæрдæрухсæй здæхтысты сæ хæдзæрттæм, цæмæй бинонтæ æмæ иннæ хиуæттæм фæхæццæ кæной бæрæгбоны тæваг æмæ хуыздæр арфæтæ...

**СЛАНТЫ Аслан**

**Æнæниздзинад**

## Виноградныйы хъæуы амбулаторийы цалцæг

**Мæздæджы районы Виноградныйы хъæуы дарддæр цæуы бынæттон амбулаторийы бындурон цалцæг. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ.**



Министрады минæвары ныхасмæ гæсгæ, цалцæггæнæн куыстыты æмгъуыды дæргъы хъæуы цæрджытæн медицинон лæггæдтæ кæндзысты æвваxсдæр цæрæн бынæтты: ас адæмæн — Сухотскæйы фелсырон-акушерон пункты, сывæллæттæн та — Раздольныйы фелсырон-акушерон пункты. Дæндæгты дохтыры æххуыс кæй бахъæуа, уыдоны та цæуын бахъæудзæн районы Центрон поликлиникæмæ. Уыимæ, раздæр фидаргонд графикты бындурыл амынд хъæутæм рæстæгæйрæстæгмæ ныццæуынц цæугæ медицинон комплекстæ дæр.

Ведомствæйы минæвар куыд радзырдта, афтæмæй Виноградныйы хъæуы амбулатори цалцæггонд цæуы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы фыццаградон медицинон æххуысы къæпхæны модернизацийы регионалон программæйы бындурыл. Куыстытæ хъуамæ ахицæн уой ацы азы кæронмæ.

Æмткæй райсгæйæ, амынд программæйы фæлгæты ацы аз ног амбулатори арæзт æрцæудзæн Мæздæджы районы Предгорныйы хъæуы, стæй Мæздæджы районы Притеречныйы, Горæтгæрон районы Ногир æмæ Алагиры районы Сырх Ходы хъæуты амбулаторитæ та бындуронæй сцалцæг кæндзысты.

**Нæ уацхæссæг**

**Юбилей**

## Зæрдиаг арфæтæ — Хъаныхъуаты Зæлинæйæн

**РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар, профессор ТУСКЪАТЫ Таймураз архайдта Уæрæсейы наукæты академийы Дзæуджыхъæуккаг центры ахуыргæндты советы уæрæхдæргонд æмбырды.**

Республикæйы закъонæвæрынады оргæны сæрдар йæ райгуырды юбилейы фæдыл Арфæйы гæххæтт радта Цæгат Ирыстоны Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор **Хъаныхъуаты Зæлинæйæн.**

"Мах хъæздыг, амонджын æмæ тыхджын республикæ стæм. Адæммæ ахæм стыр ахуыргæндтæ куы уа, уæд уый у царды фæткæвæрды фидар бындуры нысан æмæ æгъдæуттæн цыт кæныны æвдисæн. Бузныг дæ зæрдиаг фæллойæ," — загъта **Тускъайы-фырт.**

Ивгъуыд æнусы 90-æм азтæй наукæйы бындурон хъуыдытæ цыдысты дæлдоныггонд, фæрæзты фарста лæууыд цæхгæр. Бахъуыд Уæрæсейы наукæты академимæ бахатын, цæмæй ЦИГСИ се скондмæ айсой. Фæстæдæр дзы цы ивддзинæдтæ уыд, уыдоны цыды дæр бантыст



институты куыст дæлæмæ не 'руадзын. Уыдæттæ уыдысты Хъаныхъуаты Зæлинæйы фæрцы, зæгъгæ, бафиппайдта Дзæуджыхъæуккаг наукон центры бындурæвæрæг **Къусраты Анатоли.**

Хъæддых æмæ æвзыгъд миниуджыты хицау сылгоймаг æмæ наукон кусæгæн стыр кад ис бæстæйы алы рæтты. Фæсивæдимæ куыст у уæлдай арфæйы аккаг, ныридæгæн ног фæлтæр нæ тырнынц зонадон куыстмæ.

Бирæ арфæйы ныхæстæ загътой æмбырды архайджытæ юбилярæн. Йæ цард æмæ зонадон куысты фæдыл бæстон ныхас ракодта историон наукæты доктор, профессор **Цыбырты Людвиг.**

Бирæнацион республикæйы Хъаныхъуаты Зæлинæйы хуызæн ахуыргæндтæ абон,тынг хъæугæ сты. Кæрæдзи æмбарындзинад, æгъдауыл хæст уæвын бирæконфессионалон æхсæнады цардыуаджы цæджындзтæ сты.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, къам systа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Нысангонд æрцыд**

## Атараты Георги — арæзтад æмæ архитектурæйы министры хæстæ æххæстгæнæг

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО 2023 азы 10 июлы цы Указ бафыста, уымæй АТАРАТЫ Георги нысангонд æрцыд республикæйы арæзтад æмæ архитектурæйы министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæгæй.**



Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Зындгонд куыд у, афтæмæй арæзтад æмæ архитектурæйы раздæры министр **Моргуаты Константины** уыцы бынатæй йæхи куырдиатмæ гæсгæ суæгъд кодтой ивгъуыд къуырийы кæрон. Уыимæ, фæстæдæр дзыллон информацийы фæрæзтæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй Моргуайы-фырт йæ куыст адарддæр кæндзæн РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы уынаффæгæнæджы бынаты æмæ бæрнон уыдзæн туристон комплекс "Мамысон"-ы арæзтадмæ цæстдарæг оперативон штабы архайдыл.

**Нæ уацхæссæг**

## Дзырды фарн

*Ирон адæмы нарты кадджытæ куыд хъæздыг сты, иннæ адæмты нарты кадджытæ афтæ хъæздыг не сты.*

*Чигер*

Боныхъæд

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **11 июлы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **19-24 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **19-21 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,04

**Хурыскаст** — 04,34
**Хурныгуылд** — 19,38

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 90,51↓
**Евро** — 99,51↓

12+

Бæрæгбон

# Арфæтæ – Бинонты, уарзондзинад æмæ иузæрдиондзинады боны фæдыл

**Ивгъуыд сабаты Уæрæсейы цæрджытæ радон хатт сбæрæг кодтой Бинонты, уарзондзинад æмæ иузæрдиондзинады бон. Бæрæгбоны агъоммæ цæгатирыстойнаг бинонты къордæн РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО саккаг кодта майдантæ "Уарзондзинад æмæ иузæрдиондзинады тыххæй".**



— Алкæцы адæймагæн дæр йæ царды сæйрагдæр сты йæ бинонтæ. Æмæ, цас æнгомдæр уой бинонтæ, уый бæрц æнцондæр сын уыдзæн царды зындзинæдты сæрты ахизын. Хæлар, фидар æмæ амондджын бинонтæй аразгæ у не стыр Фыдыбæстæйы фæрныгад. Абон нæ кадджын æмбырдмæ чи саккаг кодта, уыцы адæмæн, стæй Цæгат Ирыстоны æппæт цæрджытæн дæр бæрæгбоны арфæтæ кæнын. Мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад, фæрныгад æмæ амонд, — йæ арфæйы ныхасы фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Уый фæстæ Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы къухæй зæрдылдарæн майдантæ райстой, бирæ азты дæргъы хæларæй чи цæры æмæ хорз кæстæртæ чи схъомыл кодта, уыцы бинонтæ: **Кодзырты Евгени** æмæ **Светланæ, Айларты Таймураз** æмæ **Татьянæ, Анатолий** æмæ **Ларисæ Умняхинтæ, Алексей** æмæ **Ларисæ Смагинтæ**.



Фембæлды чи архайдта, уыдоны 'хсæн уыдысты, ныртæккæ Донецк æмæ Луганскы Адæмон Республикæты, стæй Запорожье æмæ Херсоны облæстты сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, уыцы службæгæнджыты ныййарджытæ дæр: **Бæгъиаты Аслæнбег** æмæ **Татьянæ, Дзгойты Æмзор** æмæ **Светланæ, Къубузты Николай** æмæ **Ларисæ, Гæриаты Гиви** æмæ **Фатимæ, Челдыты Хъазыбег** æмæ **Земфирæ, Тохъмайты Роберт** æмæ **Ингæ, Хуытъинаты Игор** æмæ **Иринæ, Тедеты Виктор** æмæ **Зоя**.

Кадджын æмбырдмæ кæй æрбахуыдтой, уыцы адæмы 'хсæн уыдысты, сæ цард баиукæнынвæнд чи скодта, уыцы æрыгон къайтæ. Уыцы бон ЗАГС-ы кусджыты къухæй къайады тыххæй æвдисæндартæ чи райста, уыцы ног бинонтæй дыууæйы усгуртæ уыдысты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ.

Арфæйы раныхæсты фæстæ фембæлд адарддæр республикæйы сфæлдыстадон коллективты стыр концертæй.

**СЛАНТЫ Аслан**

Аудынад

## Социалон лæггæдты центр

**2023 азы Дзæуджыхъæуы байгом уыдзæн бинонтæн социалон лæггæдты бирæкъабазджын центр. Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны фæллой æмæ социалон рæзты министр АЙДАРТЫ Алинæ.**

Министры ныхасмæ гæсгæ, амынд центры алыхуызон социалон лæггæдтæ кæндзысты, царды зын уавæрты чи бахауд, стæй сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, уыцы службæгæнджыты бинонтæн.

Ахæм кусæндæттæ байгом кæныны фадат министрадæн фæзынд, сæрмагонд федералон гранттæ кæй рамбылдта, уый фæрцы. «Царды зын уавæрты бахауæг адæмæн æххуысы федералон фонды проектты конкурсы архайгæйæ, рамбылдтам цалдæр гранты 11 милуан сомы бæрцæй. Уыцы фæрæзты фæрцы цалдæр хуызы бинонтæн кæндзыстæм æппæтвæрсыг социалон æххуыс», — радзырдта Айдарты Алинæ.

Уымæй уæлдай, сывæллæтты реабилитацион центр «Тæмисчъы» бындурыл байгом уыдзæн æнахъомтæн психологон æххуысы хайад. Ацы проект та фæуæлахиз инновацион социалон программæты æппæтуæрæсеон конкурсы. Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй хайады специалисттæ социалон реабилитацийы мадзæлттæ араздзысты, сæ фыдæлтæ сæрмагонд æфсæддон операцийы кæмæн архайынц, уыцы сывæллæттæн дæр.

**Нæ уацхæссæг**

Нæ авналæнтæ

# Инвестицион картæйы фæзынд Цæгат Ирыстон

**Экономикæйы министрад æмæ Мæскуыйы Хицауад цы Уæрæсейы инвестицион картæ сарæзтой, уым ис Цæгат Ирыстон дæр. Чи дзы пайда кæна, уымæн йæ бон равзарын уыдзæн инвестицион объект Цæгат Кавказы федералон зылды регионты, уыдонимæ — нæ республикæйы дæр. Уыцы портал суыдзæн инвестортæ æмæ амалхъомтæн Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты сæ бизнес байгом кæнынмæ иунæг бацæуыны бынат. Дарддæр картæмæ хаст æрцæуыдзысты зонинæгтæ иннæ федералон зылдты тыххæй дæр.**

— Уæрæсейы инвестицион картæ суыдзæн æппæт бæстæйы æмæ хæлар паддзахæдты инвесторты иунæг бацæуæн бынат.

Инвестицион картæ хъæугæ ногдзинæдтæй байдзаг кæныны хъуыддаджы ахсджиаг бынат ахсынц регионтæ. Саразын хъæуы куысты организацион фæтк, ныффыссын дзы хъæуы информаци дæттыны бæлвырд регламент. Уæрæсейы Федерацийы субъектты инвестицион командæтæм ныридæгæн ис фæлтæрддзинад, сæхи инвестицион картæтæ куыд арæзтой, уымæй. Регионалон къордтæ иу системæйы тыстджын куысты бынæттимæ байгом кæнынæн. Ахæмтæ 2022 азы гомгонд æрцыд 32 минæй фылдæр, 2019 азы та æрмæст 2,5 мины, — загъта Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды **Юрий Чайка.**

— Нæ республикæйæн ис стыр промышленнон, хъæууонхæдзарадон æмæ туристон инвестицион гæнæнтæ. Ис нæм бирæ диссаджы зæрдылдарæн бынæттæ, цы равдисæм, цæй тыххæй радзурæм, уый нæм ис. Нæ куысты сæйрагдæр æмæ ахсджиагдæр у инвестицитæн фылдæр æргом здахæм нæ хорз географион уавæрмæ, туркластеры фæлгæты нæ бон радтын у бирæ цæттæгонд инвестицион пакеттæ. Æппæт уыдæттæ республикæ кæнынц цымыдисагдæр, фидæнмæ тырнæгдæр. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, онлайн-платформæмæ рахизгæйæ, нæ презентацион гæнæнтæ зынгæ фæуæрæхдæр уыдзысты. Республикæйы цы инвестицион фæндæттæ ис, уыдон инвестортæн базонæн уыдзæн æнцондæрæй, — фæнысан кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.




— Ныртæккæ Цæгат Кавказы федералон зылды бизнесы архайынæн инвестицион картæйы ис 120 уæгъд бынатæй фылдæр. Инвесторæн йæ бон у алы регионы гæнæнтæ æмæ уавæртæм бæлвырд æркæсын æмæ равзарын, йæ зæрдæмæ хуыздæр цы инвестицион бынат фæцæуа, уый. Ног мадзалы æххуысæй инвесторæн йæ бон равзарын у бизнесы хуыз æмæ сбæрæг кæнын пробаиу кæнын, — уый у куысты сæйраг бæрæггæнæн, — фæнысан кодта Уæрæсейы Федерацийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Андрей Белоусов**.

— Цæгат Кавказы регионтæ æддагон æмæ мидинвестортæн кæнынц æргомдæр æмæ цымыдисагдæр, азæй-азмæ кæнынц æдасдæр æмæ æнцонвадатдæр. Хицæн инвестицитыы бæрц схæццæ 456 милиард соммæ, 2020 азы та уыдысты 3 хатты къаддæр. Уый фадат дæтты ног куыстуæттæ æнхæрзвадат уавæртæ саразын. Цæттæ кæнæм бынæттæ, нымайæм экономикон уавæртæ, бизнесæн аразæм æнæкъуылымпы гæнæнтæ. Абон нæм кусы хъæугæ нормативон-барадон базæ, инвестицион хæрзвадат арæзт кæм цæуы, ахæм райрæзты институттæ. Уыцы куыст кæнгæйæ, цæуæм сындæггай размæ, бирæ инвестицион проекттæ аразгæйæ. Бирæ азты æгуыстæй цы промышленнон куыстуæттæ лæууыдысты, уыдон архайæм сног кæныныл, екты дарддæры рæзт, — фæбæлвырд кодта Цæгат Кавказы Социалон-экономикон рæзты департаменты директор **Игорь Храновский**.

Минэкономрайрæзт инвестпроектты æххуысæн цы мадзæлттæ сарæзта, уыдоны хицæн хайы сты регионты инвестицитæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Паддзахадон советы

# Культурæйы фарстаты фæдыл къамисы æмбырд

**Мæскуыйы уыд УФ-йы Паддзахадон советы культурæйы фарстаты фæдыл къамисы æмбырд. Самарæйы облæсты губернатор Дмитрий АЗАРОВ сæрдариуæг кæм кодта, уыцы æмбырды Цæгат Ирыстонæй архайдта республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Къамисы æмбырды боны фæткмæ цы бирæ фарстатæ хаст æрцыд, уыдонæй иуы фæдыл доклад скодта Сергей Меняйло. Республикæйы разамонæг бæстон æрлæууыд, адæмон аивадон промыслæты дарддæры райрæзтæн регионалон Хицауад куыд æххуыс кæны, ууыл. Республикæйы Сæргълæууæджы ныхасмæ гæсгæ, ирон адæмы культурæйы аивадон промыслæтæн алкæддæр уыд сæрмагонд бынат. Рагæй-æрæгмæ дæр ирыстойнаг æрмдæснытæ стыр æргом здæхтой хъæды æмæ згъæрты куыстадмæ, цыллæ уафынмæ, нымæт цæгъдынмæ, сыгъзæрин æндахæй хуыйынмæ, музыкалон инструменттæ аразынмæ æмæ афтæ дарддæр.

Ныртæккæ республикæйы адæмон аивадон промыслæты къабазы æнтыстджынæй архайынц 10 куыстуаты, 50 æрмдæсныйы та кусынц хибарæй. Рæстæг куыд æвдисы, афтæмæй уыдонæн сæ нымæц рæзы. Ууыл, фыццаджы-фыццагдæр, ахады, регионмæ турисстæ фылдæр æргом кæй здахынц, уый.

Къабазы архайды дарддæры райрæзтæн арæзт цæуынц уæлæмхасæн мадзæлттæ. Уавæрыл хорзæрдæм сахадыдта, РЦИ-Аланийы адæмон аивадон промыслæты ассоциаци кæй фæзынд, уыцы æууæл дæр. Уымæй уæлдай, республикæйы æнтыстджынæй кусы Адæмон аивадон промыслæты райрæзты центр дæр. Къабазы кусæг организацитæн уæлæмхасæн паддзахадон æххуыс дæттыны, сæ продукцийы хуызæгтæ сын алыхуызон равдыстытæм æрвитыны, стæй æндæр ахæм мадзæлттыл амынд центр 2020-2022 азты схардз кодта 11 милуан сомы бæрц. 2023 азы мадзæлттæн та нысангонд æрцыд 6,3 милуан сомы.

Иннæ регионты минæвæрттæ дæр бæстон радзырдтой, адæмон аивадон промыслæты дарддæры райрæзтыл куыд кусынц, культурæйы къабазы иннæ ахсджиаг фарстатæ куыд лыг кæнынц, уый тыххæй.

Уæрæсейаг регионты минæвæрттæй уæлдай, фембæлды архайдтой æмæ раныхас кодтой УФ-йы Президенты Администрацийы æхсæнадон проектты фæдыл управленийы хицау **Сергей Новиков**, культурæйы федералон министры хæдивæг **Надеждæ Преподобная**, æнæкоммерцион организаци "Креативон экономикæ"-йы президент **Маринæ Абрамова** æмæ иннæтæ.

Боны фæткы æппæт фарстаты фæдыл дæр къамисы уæнгтæ сфидар кодтой сæрмагонд амынддзинæдтæ. Уыдон æрвыст æрцæуыдзысты профилон федералон ведомствæтæ æмæ регионты хицауады оргæнтæм.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Фæлладуадзæн бынæттæ

## Парчы ног фадæттæ

**Ивгъуыд бонты Дзæуджыхъæуы цалцæджы фæстæ ногæй байгом Олимпиаг парк. Мадзал бабæрæг кодтой мингай адæймæгтæ, республикæйы цæрджытæ æмæ Цæгат Ирыстоны уазджытæ.**



Æппæты цымыдисагдæр уыдис, йæ бæрзæнд 50 метры кæмæн у, уыцы фæлгæсæн цалх. Авд азы онг сывæллæттæн билет уыдис лæвар. Парчы кусджытæ куыд радзырдтой, уымæ гæсгæ, цалхы фæстæ та цымыдисагыл нымад æрцыд аттракцион "360". Æппæты чысылдæр горæтæгтæн сарæзтой спортивон зонæтæ, тир, каруселтæ. Æдæппæтæй парчы фæзуатыл æвæрд æрцыд 13 фæзы алы кары адæмæн дæр. Уыцы бон, сабаты, уыдис бæрæгбоны салют. Проект æххæстгæнгæйæ, Олимпиаг парчы астæуккаг хай фæлладуадзæн зонæмæ рацарæзтой. Проект арæзт цыдис Дзæуджыхъæуы администраци æмæ æхсæнад "Олимп-парк"-ы бадзырдмæ гæсгæ.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Барад

## Пенсиисæджы барты хъахъхъæд

**Ахуыргæнæндонæй куыстæй арвитыны фæстæ мæ пенсион бартæ хæлд æрцыдисты, зæгъгæ, Дзæуджыхъæуы Цæгат-Ныгуылæн районы прокуратурæ бынæттон сылгоймаджы ахæм хъаст равзæрста.**



Куыд рабæрæг, афтæмæй, рæдыд кæм уыд, æмæ фидаргонд фæткмæ гæсгæ регистрацигонд чи не 'рцыд, фарон майы куыстдæттæг Социалон фонды регионалон хайадмæ барвыста сылгоймаджы фæллойадон архайдæн кæрон сæвæрыны тыххæй ахæм хабæрттæ.

Ахуыргæнæндонæн рæдыды тыххæй хабар æргомæй фехъусын кодтой, фæлæ пенсион оргæнмæ дыккаг хатт фыст гæххæтт барвыстой æрмæст ацы азы мартъийы, æмæ афтæмæй сылгоймаджы фæдзæхстадон пенсийы бæрц фæкъаддæр.

Прокуратурæ кæй баххæст кодта, уыцы дзуапдæттæн мадзæлтты фæрцы сылгоймаджы пенсийы бæрц фæфылдæр.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Адæймаг æмæ алфамбылай æрдз

# Бырондоны рацарæзт

**Дзæуджыхъæуы хъæбæр коммуналон æппарæццæгты полигоны æххæстгонд рацарæзт нымад у нæ республикæйы экологийы къабазы ахадгæдæр цаутæй иуыл.**



Цалдæр азы дæргъы кæй цæттæ кодтой, уыцы проект æндæраз æххæст кæнын райдыдтой, æмæ афтæмæй, 4,5 милуан тоннæйæ фылдæр æппарæццæгтæ кæм бамбырд, уыцы бырондоны фæзуатыл цъæхвæлыст тæлм фæзынд.

— Алфамбылай æрдзы уавæрыл хорзæрдæм чи фæбæрæг, рахастæуыд иттæг раст ахæм уынаффæ. Чъизидзинады бæрц бæлвырд кæй фæкъаддæр, уый адæмы æнæниздзинадæн фæпайда уыдзæн, — зæгъы Æрдз хъахъхъæнынады æппæтуæрæсеон æхсæнады цæгатирыстойнаг хайады сæрдары фыццаг хæдивæг **Газаццаты Алевтинæ**.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: бырондоны рекультиваци æххæстгонд æрцыд национ проект "Экологи"-мæ хауæг федералон проект "Сыгъдæг бæстæ"-мæ гæсгæ.

Бырондон алфамбылай æрдзæн æмæ дæлзæххон донæн стыр знаггад хаста. Куы сæвзæрд, уæд экологон нормæтæ ныры хуызæн карз нæ уыдысты, ардæм иуæй-иу промышленнон куыстуæттæй дæр куыстадон æппарæццæгтæ ластой.

**ГУЫРЦЪЫТЫ Иннæ**

Мадзал

# Бæлццæтты æххуысæн

**Рухс федта нымæцон тыгъдады туризмы рæзтæн пайдайаг мадзæлттæй иу — æфтуан træk. Йæ кой райхъуыст нырма тæргæйтты мæйы, уæд уыд цæттæ йæ бета-хуыз. Хуымгæнæны мæйы астæу та хъуамæ рацыдаид нымæцон фæзтæм, фæлæ нæ бауæндыд æмæ мæнæ, сусæны мæйы райдайæны, нæ бон у фенын æмæ бакæнын нæ хæтæлтыл.**

Нырма мартъийы фехъусын кодта РЦИ-Аланийы комитет, дыууæ нымæцон мадзалы арæзт кæй цæуынц, уый. Фæлæ сæ иу нырма сусæны мæйы рацыд, æмæ йыл зæрдиагæй цин кæнæм. Цæмæн?




Фыццаджыдæр, æфтуан træk пайдайаг уыдзæн канд туристтæн нæ, фæлæ ма бынæттон цæрджытæн дæр. Йæ скондмæ гæсгæ, йæ куыст æххæстгæнæн фæрæзтæ сты уæлдай уæрæх æмæ ахсджиаг — фæндаг æвæрыны фæтк, балцамонæджы бæсты дæтты дзургæ хуызы бæлвырд бынæтты тыххæй информаци. Иннæ хицæндзинад баст у нæ бæстæйы скондимæ — кæд иннæ ахæм æфтуантæ фæндаг амонынц зындгонд картæтæ Яндекс æмæ Гуглы æххуысæй, уæд træk-ы мидæг та ис хицæн картæтæ. Уыдон скодтой Ирыстоны нымæцон къабазы дæсны кусджытæ. Уый фæрцы Ирыстоны бынæттæ æппæтæй дæр ис ссарæн ацы æфтуаны.

**ГÆДЖИТЫ Агуындæ**

Нæ царды нывтæ

# Цы нæ вæййы, уæд та ма...

**Афтæ зæгъæн ис, æмæ, иунæг бон дæр бадгæ чи нæ фæкодта, цыбыр рæстæг дæр йæ бинонтæн, йæ сывæллæттæн чи лæвæрдта, ахæм сылгоймаг æнæнхъæлæджы бахауд рынчындонмæ. Дыууæ хирургион операцийы йын йæ сæры магъзыл кæнын бахъуыд.**

"О, мæ кармæ гæсгæ пенси исын, фæлæ мын низимæ баст инвалиды къорд нæ радтой. Нæ зонын, бирæ цыдæртæ рох кæнын райдыдтон, нал фæхъуыды кæнын, кæм цы сæвæрдтон, иу уатæй иннæмæ раст вæййын, фæлæ мыл рохуат схæцы... Мæ дохтыр мын афтæ зæгъы, инвалиды къордтæ, чи фæдæтты, уыдон, дам, цавæрдæр æнахуыр адæм сты. Сæ зæрдæмæ куы фæцæуай, æхца ма сын куы авæрай, уæд дын къорд скæндзысты...", — дзуры, сагъæс кæнгæйæ, сылгоймаг.



Ау, йæ пенси 12 мин сомы кæмæн у, цот чи дары, хæрын-цæрын кæй хъæуы, æгъдау дæттын, алырдæм цæуын, уый хъуамæ гæртам цæмæй радта? Сылгоймаджы бон йæ раздæры куыст кæнын нал у. Зæгъæм, ныр уыцы дохтырты зæрдæмæ нæ фæцыд, уæд та куыд? Йæ сæры магъзыл дыууæ операцийы кæмæн скодтой, уый инвалид нæу? Дæ бæрны ис адæймагæн йæ низмæ гæсгæ инвалиды къорд радтын, цæуылнæ йæ хъуамæ скæнай? Цавæр æнахуыр дохтыртæ сты уагæры инвалидты къордтæ аразджытæ? Сæ æнахуырдзинад цæимæ баст у? Гæртæмттæ исынимæ?

Йæ комкоммæ дохтыр та цæуылнæ бацархайы, цы йæ нæ уадзы æппæт гæххæттытæ срæвдз кæнын, инвалиды къордаразæг къамисмæ сæ арвитын? Алы адæймаджы бон дæр у рæстдзинады сæрыл тохгæнæг суæвын. Æрмæстдæр дæ бафæндæд...

Алырдыгæй уынгты фенæн ис стыр фæйнæджытæ æд фыстытæ, ома, иу гæртам — дыууæ фыдгæнæджы. Æмæ цы? Иннæрдæм фæфæлдæхтысты нæ дохтыртæ? Фæйнæджытæй сыл афтæ тынг сахадæн куыдæй ис? Адæм æмхуызон ахуыргонд æмæ алцызонæг не сты, ноджы дыл фæхæцæг куы нæ уа, уæд бынтон зын у. Хъуамæ ацы сылгоймаг цы кæна, куыдæй скæна инвалиды къорд йæхицæн?

Ахæм тыхст æмæ æвæрæз адæм республикæйы æмæ бæстæйы гыццыл нæй. Сæ хъуырдухæнтæ сын зонынц æрмæстдæр сæ бинонтæ, сыхæгтæ. Раст цыма æндæр дунейы, афтæ фæрсæй-фæрстæм, цавæрдæр тыгъдады, цæрынц иннæтæ, æнахуыртæ кæй схуыдтой, уыдон. Сты барты, авналæнты, гæнæнты, фадæтты, фæрæзты хицæуттæ. Кæрæдзиимæ цыма дыууæ къорды никуы фембæлдзысты, раст афтæ цæрынц. Цы нæ вæййы, уæд та ма...

# Аххосаг сбæрæг, фæлæ...

**Бетъырбухы Смольнинскаг тæрхондоны æвзарынц уæрæсейаг амалхъом Валерий Израйлиты уголовон хъуыддаг. Азымджын æй кæнынц æхца фæсарæнтæм æнæзакъонæй æрвитынæй.**

Нæ зонын, афтæ, дам, рауад, мæнг гæххæттытæй, дам, спайда кодтон æмæ æхца фæсарæнтæм арвыстон. Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр 3,9 миллиард сомы...Тæрхондоны пресс-службæ куыд хъусын кæны, афтæмæй закъоны сæрыл хæцджытæ аххосджыны куырдиатимæ сразы сты, цæстфæлдахæн æмæ æхца ссыгъдæг кæныны архайдæй йæ нал азымджын кæнынц. Уыдæттæ, дам, тынг раджы конд æрцыдысты...



Паддзахадон аххосджынгæнæг прокурор та домы, цæмæй Валерий Израйлитæн рахæссой 9 азы æмæ 5 мæйы ахæстоны фæбадыны тæрхон. Йæ аххос рабæрæг, Валерий Израйлит валютон операцитæ кодта мæнг гæххæттытæм æхца æрвитгæйæ...

Компании "Усть-Луга"-йы разамонæг уæвгæйæ, хъуамæ порты сарæзтаид нефты базæ. Экономикон фыдракæндтæм æй уæд равдæлд. Цымæ 3,9 миллиард сомы куыдæй уыд аныхъуырæн, уый фæстæ сæ, раджыйы фыдракæндыл банымайгæйæ, аиуварс кæнын. Нæ бæстæйы æхца дзæвгар ис, æрмæст хуымæтæг адæммæ нæ хауынц. Фыдракæндыл цасфæнды рæстæг куы рацæуа, уæддæр фыдракæнд нæу? Милуан сомы нæ, фæлæ миллиардтæ фæцыдæр сты...

Мæнæ фæстаг хатдзæгтæ: Цæгат Ирыстон 2022 азы цæрджыты æфтиæгтæм гæсгæ ис 67 бынаты. Уыцы бæрæггæнæнтæ æрхаста РИА Рейтинг. Республикæйы цæрджыты 13 проценты сты мæгуырдзинады æдде. Ома, куыдæй æмæ цæмæй цæрынц, уый бæрæг нæу. Æнæмæнг, нефты базæ дæр куыд нæ хъуыд порты саразын, фæлæ 3,9 миллиард сомæй адæм цас хъуыддæгтæ сарæзтаиккой, куыд дзæбæх сыл ахæссыдаиккой...

О, амалхъомадæн хъæуы фæрæзтæ дæттын, фæлæ æхцайæ куы ницы сараза, уæд та куыд? Мæнг гæххæттытæм гæсгæ сæ фæсарæнтæм куы арвита, уый фæстæ æд æхца йæхицæн уым куы 'рцæра, паддзахадон фæрæзтæй сойæвдылдæй йæхи куы 'нкъара, уæд куыд? Хъуамæ йыл иу куыдз срæйæг ма уа?

Стыр æхца дæттынц стыр амалхъомтæн, уæдæ куыд. Фæлæ сæ уыдон куыд пайда кæнынц, уымæй хатдзæгтæ цæуылнæ кæнæм? Цы нæ нæ уадзы?

# Клеопатрæйы дæр бирæ æхсыр бахъуыд

**Куыддæр гыццыл чызг кæсæнмæ фæкомкоммæ вæййы, афтæ райдайы йæхи рæсугъд кæнын. Цыдæриддæр ахорæнтæ ссары, уыдон йæхиуыл байсæрды, мæнæ цы диссаджы рæсугъд дæн, зæгъгæ, бакæны æмæ ма йæ чи бауромы. Иу чысыл куы байрæзы, уæд фæуромы ахæм бæзджын ахуырст кæнын...**

Уæвгæ, чызджыты кой цæмæн кæнæм ацы ран, нæлгоймæгтæ дæр сæхимæ зилынц, цыдæр мадзæлттæ кæнынц. Æрæджы Ростовы облæсты, Семикаракорскаг районы цæрæг дыууæ нæлгоймаджы сфæнд кодтой сæхимæ базилын, раст куыддæриддæр Клеопатрæ йæхи рæсугъд кодта, ахæм мадзæлттæ сарæзтой æмæ æхсырæй дзаг чаны сæхи ныннадтой. Ноджы ма йæ видеойы фæрцы дæр систой. Æнæмæнг, ахæм ныв æппæт бæстæйыл дæр апарахат, мæнæ бæгъæнæг нæлгоймæгтæ сæхи æхсыры найынц...



Клеопатрæ дæр æваст не срæсугъд, æхсыры ваннætæ кæнын ын цавæрдæр зонæг адæймаг бацамыдта. Ноджыдæр ма æндæр рæсугъдгæнæн мадзæлттæ дæр кодта æмæ дзы рауад, историйы йæ ном, йæ кой кæмæн баззад, ахæм сылгоймаг. Ростоваг нæлгоймæгтæ дæр, æвæццæгæн, æрмæст æхсырыл нæ баззайдзысты, бавналдзысты ноджы ахъаззагдæр мадзæлттæм. Фæлæ цымæ уыцы 'хсыр дарддæр цы фæцис, кæдæм æй акалдтой, æви дзы хойраджы продуктæ рауагътой, дуканитæм сæ барвыстой, æмæ сæ мах нуазæм, хæрæм...

Дæхи амалхъом схон æмæ бавнал хъуыддæгтæм. Нæлгоймæгтæй иу у пъæлицæйы кусæг, иннæ та зæхкусæджы-фермерон хæдзарады разамонæг. Семикаракорскаг районы участковыйты хицау Максим Маслаков æмæ фермер Дмитрий Ганженко. Видеонывтæ куы ахæлиу сты, уæд нæлгоймæгтæ фæлæбурдтой сæхи раст кæнынмæ, ома, уый, дам, æхсыр нæ уыд, фæлæ æхсыры хус концентрат. Бахъавыдысты йæ бафæлварын, донимæ йæ сæмхæццæ кодтой, æмæ, дам, цæмæй ма фесæфа, уый тыххæй дзы ныцъцъыввытт кодтам.

О, афтæ, дам, рауад, фæлæ, дам, æй акалдтам, нæ дзы скодтам хойраджы продукт... Æнæуый та, дам, нæхи хæрæм, фæсмон кæнæм...Клеопатрæ дæр æваст не срæсугъд, дзæвгар æхсыр æй бахъуыд ахæм процедурæтæн...Фæлæ уымæн йæ бон уыд æхсыр хардз кæнын, уымæн йæ бынат паддзахады бæрзонд ран уыд ... Фæлæ цымæ пъæлицæйаг æмæ фермер цас бæрзонд бадынц, цæмæй сын се 'хсæнтæ дон нуазæм?

Хуымæтæг адæймаг уыдæттæ нæ сараздзæн, йæ сæр сæ ахсгæ дæр не 'ркæндзæн. Æмæ йæ хъуамæ уыдæттæм куыд равдæла, йæ мæгуыр капеччытæй йæ бон у æрмæст æхсыры литр, дзул балхæнын æмæ сæ йæ хæдзары бахæрын...

**Æрмæджытæ бацæттæ кодта БУТАТЫ Эльзæ**



Ахуырад

## Ног ноутбуктæ

**Цæгат Ирыстоны хъæууон скъолатæм бафтдзысты 1313 ног ноутбукы. Нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй амынд ифтонггæрзтæ æлхæд æрцыдысты национ проект "Ахуырад"-мæ гæсгæ.**

"Арæх ахуыргæнджытæ хъаст кæнынц сæ зæронд кусæнгæрзтæй. Нæ материалон-техникон бындур нын нывыл кæнын кæй æнтысы, уый мын æхсызгон у. Æппæт арæзт уавæртæ куысты бæрæггæнæнтæ фæнывыл кæнынæн ахъаз кæй кæндзысты, уымæй мæ ныфс ис", — ныффыста нæ рес-



публикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** йæ телеграм-каналы.

**МÆХЪИТЫ Фатимæ**

Бакæс, базон

## Æмæ лæг ссæрибар

Англисаг горæт Гилфорды цæрæг Норман Смитæн скодтой бынæттон рынчындоны 100 сахаты тыхгуысты тæрхон. Фæлæ тæрхонгæнæджы йæ уынаффæ аивын бахъуыд, 280 килограммы уæзæн Смиты рынчындонмæ баласыны тыххæй сæрмагонд автокар кæй хъæуы, уый куы базыдта, уæд. Стæй рынчындоны дуæрттæ дæр бахъуыдаид фæуæрæхдæр кæнын.

## "Сармадзаны бæлас"

– "Сармадзаны бæлас" цæры тропикты. Йæ дидинджытæ сты 10–15 сантиметры стæвдæн, зайынц бæласы зæнгыл. Ис сæ бирæ нектар, адджынæн æй цырынц маймулитæ æмæ мæргътæ. Бæласы дыргътæ цæттæ кæнынц æнæхъæн афæдз. Афтæ уæззау сты, æмæ, зæнгыл кæнæ кæрæдзийыл сæмбæлгæйæ, афтæ фæкæсы, цыма бирæ сармадзантæ æмæхст кæнынц. Бæлас вæййы 30 метры бæрзæндæн.

## Чидæр куывта æмæ уымæн...

Монтажгæнæг Антонио Ибаньес куыста 25–уæладзыгон хæдзары сæрыл горæт Картахенæйы (Испани). Æвиппайды ныффутт ласта дымгæ, лæджы фелвæста хæрдмæ æмæ йæ раппæрста бынмæ. Хаугæйæ, Ибаньес фæхæцыд электрон тыхдæттæн телтыл, уыдон аиу сты, ныггуыпп ластой. Ибаньесы пластмассæ дзабыртæ атадысты, афтæмæй андзæвыдысты балкъоныл æмæ йыл баныхæстысты.

Æртæ минуты фæлæууыд уым сæрбынмæ Ибаньес. Уæдмæ йæм фæзындысты æххуысмæ æмæ йæ фервæзын кодтой.

## Сæхицæй давджытæ

Бинонтæ Джерри æмæ Барбарæ Флоренс бахаудтой пъæлицæйы къухтæм. Æрцахстой сæ Нью–Йорчы уынгтæй иуы, сæ къухтæ сын абастой æмæ сæ ахæстоны бакодтой. Сæ аххос уыд машинæйы давды тыххæй. Пъæлицæйы компьютеры бæрæггæнæнтæм гæсгæ, уыдон адавтой... сæхи машинæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй сын уый размæ сæ машинæ æцæгæй дæр адавдæуыд. Фæлæ йæ пъæлицæ ссардта æмæ йæ сæмбæлын кодта йæ хицæуттыл. Æрмæст уый тыххæй компьютерæн ницы фехъусын кодтой. Æмæ уый дæр йæ удæй арт цагъта, агуырдта къæрныхы, æрвылбоны бæрæггæнæнтæм хаста уыцы "сæфт" машинæ.

Бынæттон хиуынаффæйад

# Дидинджытæй фонтан

**Дзæуджыхъæуы Центрон паркмæ бацæуæны раз фæзындзæн дидинджытæй фонтан.**



Горæты администрацийы пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй муниципалон кусæндон "Спецэкосервис"-ы кусджытæ Солянæй уынджы 'рдыгæй паркмæ бацæуæны сæвæрдтой аивгæнæг рухсдæттæнтæ æмæ бордюртæ. Зæххыл къæйдуртæ æвæрыны куыст кæронмæ фæхæццæ кæны. Аразджыты пъланмæ гæсгæ, композицийы астæу æрбынæттон уыдзæн дидинджытæй фонтан.

— Ацы куыстытæ æххæст кæнæм Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеславы** бардзырдмæ гæсгæ. Ныридæгæн дзы арæзтадон-монтажон куыстыты фылдæр хай æххæстгонд æрцыд. Зæххыл цалдæр квадратон метры къæйдуртæ сæвæрдзыстæм, стæй фæхсбандæттæ æмæ урнæтæ бафидар кæндзыстæм, — зæгъы "Спецэкосервис"-ы сæйраг инженер **Артем Арутюнян.**

Аразджыты пъланмæ гæсгæ, объект къуырийы кæронмæ сцæттæ уыдзæн.

Проект

# Туризмы рæзтæн

**Уæрæсейаг студенттæ Цæгат Ирыстоны уазæджы картæйыл бакусдзысты.**

Ацы хъуыддагаразæг адæмы ныхасмæ гæсгæ, уазæджы иумæйаг картæйы хицаумæ уыдзæн культурон зæрдылдарæн бынæттæм лæвар кæнæ асламдæр аргъæй бацæуыны, стæй фысымуаты æрцæрын æмæ уæлдæфон транспортæй пайда кæныны рæстæг бонустæ æмбырд кæныны бар.

Командæ "Кавказ.РФ" проект бацæттæ кодта. Уæрæсейы цыфæнды уæлдæр скъолайы 18-35-аздзыд студенттæн — маркетингы, PR-йы туризмы, социологи æмæ культурæйы къабæзты специалисттæн — уыдзæн экспедицийы архайыны бар.

Пъланмæ гæсгæ, октябры экспедицийы архайджытæ ацæудзысты Цæгат Ирыстонмæ, Дагестан æмæ Стъараполы краймæ. Экспедицийы уæнгтæ туризмы инфраструктурæйы ныры уавæр раиртасдзысты æмæ туризмы рæзтæн ахъазгæнæг фæндæттæ бахæсдзысты (нæ республикæ университетты иумæйаг программæ "Уæрæсе ногæй гом кæнæм"-ы æвзæрсты дыккаг хайы уæлахиздзауты номхыгъдмæ кæй бахастой, уый фæрцы йын радтой амынд фадат). Ацы хабар фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Нæ мæ рох кæны...

# Æмæ уæд райгуырд Нарты кадджыты чиныг...

**Гапбаты Иваны арæх æрымысын. Мæ царды бындурон бынат ахсы. Абон Нарты кадджыты кой куы стынг ис, уæд та Иван мæ зæрдыл æрбалæууыд. Кæд мæнæй бирæ хистæр уыд, уæддæр-иу мемæ ныхас кодта лæмбынæг, цыма æмгæрттæ уыдыстæм...**

**Иу хатт та мын радзырдта:**

— Хъулаты Хъуыбады æрæмбырд кодта йæ кабинеты мах, фæсивæды, цыдаид ныл 25-27 азтæ. Къордтæ-къордтæ нæ фæкодта. Алы къорды дæр — 5-6 лæппуйы. Уый уыд 1943 азы, хæст ма йæ тæккæ тынджы уыд. Мах архайдтам алы партизанты къордты. Хъуыбады нын загъта: "Лæппутæ, хæст хæст у, фæлæ цард та цард у. Æрвитын уæ Ирыстоны алы кæмттæм. Уæ размæ уын хæс æвæрын — алы каргæнæг баззад, цыдæриддæр нæм уыд фыст, уыдон йæхимæ райста. Уый фæстæ та сæ фысджытæм радта. Уыдон сæ бацæттæ кодтой, æмæ бацыдысты, 1946 азы цы стыр сырхцъар чиныг "Нарты кадджытæ" фæзынд, уырдæм.

Уыцы рæстæг мæ хистæр æфсымæр Гришæ хъæдæй суг ласта. Чырыстонхъæумæ сæ-иу нылласта уæй кæнынмæ. Цыдæр хæринæгтæ-иу балхæдта, хæсты фыдрæстæг куыддæртæй





дзыд лæджы æмæ сылгоймаджы дæр фæрсут, цы зонынц, цы фехъуыстой Нарты тыххæй, уымæй. Цыдæриддæр дзурой, уый лæмбынæгæй фыссут".

Мах алы кæмттæм ацыдыстæм, мæнæн рауад Дыгургоммæ цæугæ. Иудыууæ къуырийы фестæм нæ хæхты, нæ кæмтты. Диссаг та куыд нæ уыд цард уым, хæхты! Хионтау нæм кастысты, хæринагæй, хуысæнуатæй — алцы йæ бынаты. Цас диссæгтæ нын фæдзырдтой Нæртон адæмы тыххæй!

Æз, Иванмæ хъусгæйæ, никуы бафарстон, уыцы адæмы сæ номæй сæ мыггагæй. Ууыл абон тынг фæсмон кæнын.

— О, æмæ иуахæмы æрцыдыстæм хохæй. Хъуыбадыйы кабинеты та æрæмбырд стæм. Тынг разыйæ цæрын хъуыд, уæлдайдæр та, хæсты азарæй сидзæрæй чи аззад, уыдоны.

Иу хатт ме 'фсымæр, хæринæгтæй уæлдай, сыгъдæг голладжы тыхтæй иу стыр чиныг сласта, сырхцъар, хуындис "Нарты кадджытæ". Мæ мад фæхыл кодта ме 'фсымæрмæ: "Æххормагæй куы мæлæм, уæд ма нæ уый та цæмæн хъуыд?"

Фæлæ йæ мæ хистæртæ кæсын куы байдыдтой радыгай, уæд-иу мæ мад йæ куыст дæр ныууагъта, хъусынил-иу фæци.

Фæстæдæр мæхæдæг кæсын куы базыдтон, уæд-иу лæппутæ иу ран æрæмбырд стæм, мæкъуылы рæбын-иу нымæт байтыдтам æмæ-иу хъæрæй кастыстæм "Нарты кадджытæ".

Азтæ цыдысты, рæстæг згъордта... Академимæ куы бацыдтæн, уæд мемæ аластон "Нарты кадджыты" дыууæ чиныджы. Иу — поэзийы хуызы, иннæ та — прозæйы. Арæх-иу сæ кастæн. Конкурс куы уыд æрдз бахъахъхъæныны темæйыл, уæд æз скодтон "Æфсатийы" сурæт. Райстон фыццаг преми. Зындгонд Томский мын загъта: "Тынг хорз у, Ирыстоны йæ хохы хъуамæ сæвæрай!"

Куы йыл куыстон, уæд иуахæмы мæ æрмадзмæ фæзынди Абайты Васо. Раппæлыд мæ, ракуырдта, куы йæ сæвæрай, уæд-иу мын йæ къамтæ рарвит, зæгъгæ. Æмæ мын йæ адрис радта. Æз ын йæ куырдиат сæххæст кодтон. Уый мæм арфæйы фыстæг сæрвыста. Нафи та мæ фæрсы иуахæмы: "Æцæгæй дæм ис Васойы фыстæг, йæ къопи ма мын радт". Æмæ ныр уыцы фыстæг ис Нафийы чиныг "Письма Васо Абаева"-йы.

"Æфсатийы" хабар та афтæ рауад, æмæ иу рæстæджы горæт Лейпцигы дунеон равдысты йын йе стыр къам (5мх5м) уым фендæуыд. Адæм æй бауарзтой, сæ зæрдæмæ тынг фæцыд.

Уыдæттæ хорз, фæлæ 1943 азы Хъулаты Хъуыбадыйы руаджы цы фæсивæд архайдтой Нарты тыххæй æрмæг ссарыныл, уыдон чи уыдысты, æрмæг сын чи лæвæрдта, уыцы хабæрттæ æппын никуыуал сбæрæг уыдзысты? Хорз, æмæ дзы æз зыдтон Гапбаты Иваны. Æнæуи та хорз уаид, бæргæ, уыцы адæмы тыххæй ма истытæ базонын. Басæттæм ыл: уыдон архайд нæ уыди, хабæрттæ сын ничи ракодта, зæгъгæ, уæд 1946 азы уыцы ахсджиаг чиныг, чи зоны, нæ фæзындаид. Уæдæ æз дæр уыцы чиныджы руаджы бакуыстон "Æфсатийы" сурæтыл.

Иу ныхасæй, абон Нартиадæ кæй фæзынд, энциклопеди дæр кæй ис, уый тынг хорз у. Ахсджиагыл нымайын, уыцы "Нарты кадджыты" фæзынды тыххæй иртасæн æрмæг куы фæзынид, уый. Уыцы чиныджы Тугъанты Махарбеджы архайд дæр йæхæдæг стыр диссаг у! Æндæр, чи зоны, йе сфæлдыстады Нарты кой дæр нæ уыдаид. Мæнмæ афтæ кæсы.

**ДЗБОЙТЫ Михал, Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг**

**Нæ царды æгъдæуттæ**

# Саби — фидæны минæвар

Ирон адæм сæ фидæнмæ цы цæстæй кастысты, уый хорз зыны, сæ сабитыл куыд аудыдтой, куыд сæ хъахъхъæдтой, уымæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, алкæй къухы æппæт не 'фтыд, уæдæ, æвæгæсæджы, æххормаг æмæ бæгънæджы фыдæй дзы чи бабын, ахæмтæ дæр уыд. Фæлæ уæддæр сæ уд, сæ дзæцц, се скаст уыдон уыдысты. Уыдоны хъуагæй сæ хъуыры къæбæр нæ цыд, сæ уæлæдарæс ногæй нæ ивтой. Сæ удтæ сын хъардтой, сæ сæрвæлтау алцæуыл дæр цæттæ уыдысты. Уыцы миниуæг æвдыст цæуы нæ адæмон сфæлдыстады дæр. Ис дзы иу ахæм æмбисонд, къæрных æмæ хæйрæг кæм фембæлынц. Сæ дыууæ дæр цæуынц иу хæдзармæ. Къæрных — сæ хъуг давынмæ, хæйрæг — сæ сывæллоны уд хæссынмæ. Къæрных фæрсы хæйрæджы, æз бахъуыздзынæн æмæ сусæгæй хъуг рафардæг кæндзынæн, фæлæ йын ды йæ уд куыд рахæсдзынæ, зæгъгæ.

— Бацæудзынæн мидæмæ, сывæллоны æртæ хатты æрæхснырсын кæндзынæн, кæд ын "цæр", зæгъгæ, ничи зæгъа, уæд ын йæ уд рафардæг кæндзынæн. **"Цæр"** ын кæд исчи зæгъа, уæд ыл мæ бар нæ цæуы.

Бацыдысты хæдзары размæ, дзурынц кæрæдзийæн: "Цу ды уал ракæн". Къæрных бацыд, хъуджы ракодта, хæйрæг дуармæ лæууы.

Бацыд хæйрæг дæр мидæмæ, сывæллоны иу хатт æрæхснырсын кодта — ничи йын загъта "цæр". Дыккаг хатт дæр æрæхснырста. Къæрных мидæмæ хъусы — ничи йын зæгъы "цæр". Æртыккаг хатт дæр æрæхснырста сывæллон... Къæрныхæн йæ зæрдæ нал фæлæууыд æмæ фырадæргæй ныхъхъæр кодта: **"Цæр!", "Цæр!", "Цæр!"**

Хæйрæг дæр ныхъхъæр кодта: "Къæрных! Къæрных!"

Хæйрæг алыгъди, къæрныхмæ рауадысты æмæ йæ æрцахстой.

Къæрных басаст, сæ хъуджы сын кæй давта, ууыл, æмæ йæ акодтаин, фæлæ уын хæйрæг уæ сывæллоны мардта, æртæ æрæхснырсты фæстæ йын иу дæр **"цæр"** кæй нæ загъта, уый фыдæй. "Æртыккаг æрæхснырсты фæстæ мæ зæрдæ нал фæлæууыд, æмæ мæхæдæг ныхъхъæр кодтон: **"Цæр! Цæр!"** Уæд хæйрæг та "Къæрных! Къæрных!" — фæхъæр кодта æмæ алыгъд.

Бинонтæн сæ сывæллон æгасæй кæй баззад, уый тыххæй хъуг къæрныхæн балæвар кодтой.

# Кæхцгæнæнтæ

**Кæхцгæнæнтæ нæ рагфыдæлтæм дæр кадджын кæй уыдысты, уый бæрæг у адæмон сфæлдыстадæй, суанг Нарты кадджыты дæр сæ кой ис. Кæхцгæнæнтæ сты лæппуйы куывдтæ, лæппуйы райгуырдыл циндзинад æвдисæг, зæдтæ æмæ дауджытыл æй фæдзæхсæн бæрæгбон.**

Нæ фыдæлтæ цард-цæрæнбонты фырты райгуырдмæ бæллыдысты. Уымæн æмæ иуæй бындар уыд, бинонты ног фæлтæр адарддæр кæнын уымæ каст, иннæмæй ныфс æмæ хъару уыд; фæдисы — фæдисон, хæсты — æфсæддон, куысты — гутондар æмæ хосдзау. Хуымæтæджы нæ бæллыдысты йæ райгуырдмæ, Ног азы арфæтæй, суанг **"Хæдзаронты"** зарæджы рæнхъытæй дæр иу, **"уæ чындз тыр куыд ныййара"**, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ уыд. Ног чындзы хыз исгæйæ, ныр дæр хызисæджы куывд — Сæры зæды фарнæй йæ курinaг вæййы: "Авд кæнæ фараст лæппуйы æмæ иу цъæхдзæст чызг".

Фырты райгуырдмæ бæлгæйæ, мадæлтæ куывтой Мады зæдмæ, Мады-Майрæммæ, фыдæлтæ — Фыры дзуармæ. Сæ куывд хъуырыцъарæй уыд æмæ ныр дæр вæййы, фæдфæдыл чызджытæ кæмæн фæгуыры, уыцы чындзæн, йæ бинонтæн, йæ цæгатæн. Æмæ та йын чызг куы райгуыры, уæд ма сæ маст суадзынц ноггуырдæн ахæм арфæйæ: "Дæ къах дзыккайы тъыст фæуæд!" Чызджы цæгатæн та — "Иннæ хатт кæхцхæссыны хæсджын куыд фæуат, уый уын Хуыцауы цæст бауарзæд!"

Кæхцгæнæнтæ-иу æнхъæлцау кæй чындзы æрæййæфтой, уыдонмæ изæрæй, хæдзаронтæгæнæгау, цыдысты нæлгоймаг æвзонг фæлтæр даргъ хъилимæ æмæ хъæр кодтой: **"Фарн, фарн! Сæ чындзæн сын радт фараст лæппуйы æмæ иу чызг!"** Уый фæстæ-иу хъилыл къæдзынæг бакодтой, ердойы-иу æй бынмæ ауагътой. Фысымтæ-иу стыр æхсызгонимæ, раздæр кæй æрцæттæ кодтой, уыдон — алыхуызон адджинæгтæ, хæринæгтæ къæдзынæгыл бафтыдтой, æмæ сæ-иу лæппутæ уæлæмæ сластой сæхицæн минасæн.

Кæхцгæнæнты, раздæр æмæ ныр дæр, бирæ рæтты, чызджы фæстæ лæппу кæмæн райгуыры, уыцы бинонтæ сфыцынц дзыкка. Къусы йæ æруазал кæнынц, стæй дзы, æртæ чъирийы скувгæйæ, фырты размæ цы чызг райгуырд, уый къахвæд сисынц. Куы райгуырд, уæд ын цæмæ фæкувынц, уый — **"Дæ къах дзыккайы тылд фæуæд"** сæххæст кæнынц.

Кæхцгæнæнты стыр хæс æвæрд ис каистыл — чындзы цæгатыл. Кæхц уыдон хæссынц. Хуынтæ æмæ ноггуырды номыл лæвæрттæ, кусарт (раздæр ма йын-иу лæвар кодтой байраг дæр) уыдон хъуамæ æрцæттæ кæной æмæ хуындзæуттимæ бабæрæг кæной сæ хæрæфырты. Фысымтæ та базмæлынц, уазджыты æрбацыдмæ куыд бацæттæгæнæн ис, афтæ. Кад æмæ радæй сæ цæмæй арвитой, уый тыххæй. Цæмæй сыл хуыздæр бацин кæной, уый тыххæй фæдзурынц хæстæг-хиуæттæм, сыхбæстæм.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

**Хъæппæрис**

## Аргъæутты къарет

**Дзæуджыхъæуы фæзынд ног арт-объект. Аргъæутты къарет джентльмен æмæ дамæимæ æрæнцад Сæрибары фæзы. Уый тыххæй фехъусын кодта горæты мэрийы пресс-службæ.**



Компани " Спецэкосервис"-ы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Станислав Зипунников** куыд радзырдта, афтæмæй декоративон композици æхсызгон лæвар суыдзæн нæ республикæйы цæрджытæ æмæ горæты уазджытæн. Специалисттæ сæ æргом здахынц, декоративон кæй у, уыцы фарстамæ, æмæ курынц адæмæй, арт-объектæн йæ дуæрттæ ма гом кæнын æмæ æдасдзинады домæнтæ æххæст кæнын. Объект æфтыд у электрон хызтæм æмæ изæрыгæтты ирд цæхæртæ калдзæн.

**Нæ уацхæссæг**

**Спорт аивад куы свæййы**

# Куыд рæсугъд дæ, Нарты театр!

**Ирон хæрзæгъдау кафджытæ æмæ сæ бæхтæй цы вæййы рæсугъддæр?! Кæуылты у æрмæст адæмы уарзон Бæхты театр "Нæртон!" Уæлбæхыл бадт ирон джигитовкæимæ уазалцæстæй нæ ныууадзæн иунæг адæймаджы дæр. Цæмæй театралон бæрзонддзинæдтæм схиза, уымæн æм цавæр миниуджытæ хъуамæ уа? Ацы дзуаппыл лæмбынæг радзурдæн Бæхты театры тренер БЕСОЛТЫ Зæлинæ.**



**— Фыццаджыдæр, адæймаг хъуамæ уа ныфсджын æмæ арæхстджын. Зæлинæ, радзур ма нын театры куысты тыххæй.**

— Алыхуызон сценæтыл фæцыдыстæм театралон равдыстимæ. Фарон, гастролты уæвгæйæ, фондз мин театрдзауты зæрдæскъæфт фесты, тынг цымыдисаг сæм фæкаст ирон кафт, джигитовкæ, хохаг æмæ хъаматимæ кафт, кæцы æххæст кодта **Едзиты Владислав.**

**— Дæумæ гæсгæ, сылгоймæгтæ сæ ныфс куыд хæссынц æмæ сæ цард куыд сбæттынц уæлбæхыл бадтимæ?**

— Ныртæккæйы рæстæджы сылгоймæгтæ ныфсджындæр систы. Мæ фæлварæнтæм лæппутæ къаддæр фæцæуынц, фылдæртæ дзы сты, сæ фыдæлтæ бæхтимæ кæмæн архайдтой, уыдон. Мæнмæ гæсгæ, аххосджын сты ныриккон ныййарджытæ, кæцытæ зыр-зыр кæнынц сæ сывæллæттыл æмæ сын бар нæ дæттынц.

**— Цавæр ныстуæттæ вæййы куысты мидæг?**

— Бæхылбадæгæн æмæ бæхæн сæ куыст æнæ цъæррæмыхстæй нæ вæййы.

**— Алкæцы бæхылбадæгæн дæр ис бæх?**

— Æрмæст фæлтæрдджын бæхылбадæгæн, уымæн æмæ дæсны фердæхттæ кæнын æнцондæр у арæхстджын бæхыл.

**— Дæ ныфс куыд æрхастай ардæм, цавæр зынтæ бавзæрстай æмæ, дæ зæрдæмæ цы цæуы фылдæр?**

**Едзиты Владислав — театры артист:**

— Гыццылæй нырмæ тынг уарзын бæхты. "Нарты" театрмæ æрбакъахдзæф кодтон æртæ азы размæ. Уыцы рæстæджы хъавыдтæн ахуырмæ культурæйы колледжмæ ацæуын, фæлæ, иу хатт ацы дуар куы байгом кодтон, уæд афтæмæй баззадтæн, мæ хъуыдыйы дæр нал уыд æндæр ранмæ ацæуын. Æппæты зындæр дзы у — бæхы бамбарын. Рæстæг хъæуы, цæмæй базонгæ уай йемæ. Æппæтæй æхсызгон дæр мын у, ацы куысты зæрдæзмæстæй сценæмæ куы рацæуай уæд, уый!

**Биганты Алинæ "Нарты" артисткæ:**

— Каст фæдæн культурæйы колледж, хореографион хайад, уыцы рæстæджы мын ацы куыст бацамыдта мæ ахуыргæнæг, æмæ мæ зæрдæмæ фæцыд.

**— Мæнмæ гæсгæ, чызг уæвгæйæ, зын уыди фыццаг рæстæг джигитовкæйыл фæцалх уæвын.**

**Харебаты Нинæ "Нарты" артисткæ:**

— Мæ сабийы бонтæй уарзын бæхыл бадын, уымæн æрбахаудтæн ардæм.

Зын мын никуы уыд, мæнмæ афтæ кæсы, кæд дæм фæндон ис , уæд зæрдиагæй кусдзынæ.

**Кълойты Майæ "Нарты" артисткæ:**

— Ардæм æрбахаудтæн цыппар азы сæрмагонд курсыты ахуыры фæстæ.

Мæнæн дзы зынæй ницы уыди, æнувыддзинад дæм куы уа, уæд алцыдæр æнтысдзæн.

Ахæм цымыдисаг, аив мæм фæкаст ацы Бæхты театр, йæ зæрдæхæлар кусджытимæ, кæцытæ ногæй сфæлдыстой ирон агъдау æмæ кад.

Уыдон сты: **Хъараты Алик, Багаты Хъазыбег,** Едзиты Владислав**, Хъазити Нателла, Хъæрджынты Лянæ, Джусойты Ярослав, Бекъойты Мæдинæ** æмæ иннæтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, æнæ ацы æмбарæг, рæсугъд бæхтæй нæ уыдаид, ахæм театр "Нартæ " кæй хонынц, уый.

**КУЧИТЫ Камиллæ, БÆДОАТЫ Дзерассæ**

**Фестивал**

# Культурон бынтæ — “Æндæр æвзагыл”

**Ахæм сæргонд ис "Аланикæ"-йы æхсæрдæсæм фестивалæн. Архайдтой дзы Цæгат Кавказы музейты минæвæрттæ, арæзт æрцыд аст къайы — аивадон кусæг æмæ музей. Цы хуызы бакуыстой, уый ис фенæн Александр Пушкины номыл Нывкæнынады аивæдты паддзахадон музейы цæгаткавказаг филиалы.**



Доны сыр-сыр, хъæды фæлгонц, тымыгъ архайд æвдисынц 1942 азы цаутæ, Суаргомы хæсты рæстæг. Ам цы хæст уыд, уый у Кавказы ахсджиагдæртæй иу. Тохы чи фæмард, уыдоны нымæц у 667. Видеоинстоляцийы сюжет ист у бынæттон цæрджыты хъуыдыйæ, сæ мысинæгтæй. Куыстытæ гом кæны Майрæмададжы фæлгонц — комы райдиан, кæцы æмбæрзт у тымыгъæй æмæ æвиппайды сæфы изæрдалынджы. Тыхст æмæ тас æвдисы сылгоймаджы фæлгонц, уый йæ цасгом æхсы уазал донæй.



Цæгат Ирыстоны "Аланикæ" скодта цыппар проекты. Уыдон сты Хетæгкаты Къостайы хæдзар-музейы — "Поэты бар", Зæдæлесчы Нанайы адæмон музейы — "Идауæг", Хетæгкаты Къостайы мемориалон хæдзар-музей Нары — "Коста" æмæ Суаргомы хъахъхъæнджыты музейы — "Ницы зынди, æрмæст ма хъуыд хъусын". Иннæ проекттæ сты нæ сыхаг республикæты, зæ- "Адæймаг æмæ рæстæджы арфмæ".

"Аланикæ" арæзт цæуы æхсæрдæсæм хатт, цымыдисаг та уый у, æмæ фестивал ахызт нæ республикæйы арæнтæй, гъæм, Цæцæны Лев Толстойы литературон-этнографион музейы — "Толстой сыздæхт станицæмæ". Дагестаны та дыууæ проекты, уыдонæй иу арæзт у Дæллаг Чуглийы палеонтологион музейы — дысвæлдæхтæй бакуыста иннæ республикæты музейтимæ. **"Æндæр æвзагыл"** — ахæм у фестивалы раныхас. Аивадæн нæй æвзаг, алы адæймаг дæр æй æмбары йæхирдыгонау. Абоны ныриккон аивад йæ разы сæвæрдта ахæм хæс — традицион музейы фæлгæтмæ "бахизын" æмæ уый фæрцы сног кæнын регионы музейты культурон бынтæ.

— Бирæты фæнды, цæмæй культурæ уа æнцон иртасæн, кæйдæр фæндтæ ма æххæст кæна, фæлæ, мæ хъуыдымæ гæсгæ, кæд культурæйæн ис хæстæ, уæд æрмæстдæр Хуыцауы раз. Уый та уымæн, æмæ нывгæнæг, аивадон кусæг сты ахæм адæм, кæцытæ хъал кæнынц удтæ æмæ нæ бирæ цæмæдæрты æркæсын кæнынц æндæр хуызы. Ацы хъуыдымæ гæсгæ, нывгæнæг у тæлмацгæнæг, уый ног хуызы рахæссы адæмы размæ бæлвырд нывтæ. Адæймаг куы фæкæсы уыцы аивадмæ, уæд йæ хъуыдыкæнынады цыдæр аивы, уый æндæр адæймаджы цæстытæй бакæсы, раздæр цы зыдта æмæ цы федта, уымæ. Уый ахъаз у нæ иудзинадæн, уымæн æмæ нын ис кæрæдзимæ ахаст уый фæрцы аивын. Ахæм хуызы культурæ æххæст кæны Хуыцауы фæдзæхст — иудзинад, — загъта Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг архиепископ Герасим.

Равдыст гом уыдзæн 30 сентябрмæ. Ныридæгæн фестивалы фæлгæты арæзт проекттæ иууылдæр æххæст не сты, фæлæ сæ кæронбæттæнмæ цæуынц Хъæрæсе-Черкесы æмæ Дагестаны.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

**Барадон фæтк**

## Адæймаг фæсахъат

**Уголовон кодексы 264-æм статьяйы 2-æм хайы пункт "а"-йы ("Ноздджын адæймаг кæй скъæрдта, уыцы хæдтулгæ фæндагыл цыды фæтк кæй фехæлдта, уый аххосæй адæймаг фæсахъат") амынд фыдракæнд саразынæй кæуыл гуырысхо кæнынц, Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады слестгæнæн управлени хæдтулгæ "Мерседес Бенц"-ы ахæм 41-аздзыд дзæуджыхъæуккаг скъæрæг-нæлгоймагыл сарæзта уголовон хъуыддаг.**

**Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фарон 18 октябры æхсæвы æртæ сахатыл амынд нæлгоймаг кæй скъæрдта, горæты Барбашовы уынгæй Калинины уынджы 'рдæм фæцæйцæуæг уыцы хæдтулгæ "Мерседес Бенц" базарадон центры "Алания Молл"-ы раз хицæнгæнæн газоны бардюрон къæй скъуырдта. Фæндагон-транспортон фыдбылызы аххосæй фæсарæйнаг хæдтулгæйы 39-аздзыд бæлццон сылгоймаг фæсахъат.**



**Ныртæккæ барадхъахъхъæнджытæ фыдбылызы æппæт æууæлтæ æвзарынц. Фæстæдæр уголовон хъуыддаг барвитдзысты тæрхондонмæ.**

**Фæндагон-транспортон бæллæх кæй аххосæй æрцыд, уыцы адæймагæн тæссаг у фондз азы дæргъы ахæстоны фæбадынæй.**

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

**РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ**

**ХЪУСЫНГÆНИНАГ**

15 июлы, сабаты, Æрæфы районы Гæлиаты хъæуы уыдзæн Фæроны дзуары куывд.
Хуынд цæуынц Гæлиатæй рацæуæг адæм, стæй сиæхстæ æмæ хæрæфырттæ.
Автобустæ цæудзысты Æрхонкæйы фæзилæнæй райсомы 9.00 сахатыл.
Уæ хорзæхæй, уæхи бафæдзæхсут дзуарыл!
Фысымтæ — ГÆЛÆБУТЫ мыггаджы совет



**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Ремонт стиральных машин и холодильников.**
**Тел.: 8-988-835-55-50 (Азамат);**
**8-963-377-80-00 (Борис).**

**Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти.**
**Тел.: 8-989-037-18-04.**

**Массаж**
**Здоровье и удовольствие.**
**Классический и лечебный, расслабляющий, антицеллюлитный, спортивный, общий массаж всего тела, отдельных частей тела.**
**8-928-494-60-15; 8-929-204-59-93**
**Нурали.**

Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3053.
Заказ № 799.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**